



THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA

600 Southeast Third Avenue • Fort Lauderdale, Florida 33301 • Office: 754-321-2600 • Fax: 754-321-2701

ROBERT W. RUNCIE
Superintendent of Schools

**The School Board of
Broward County, Florida**

Donna P. Korn, Chair
Dr. Rosalind Osgood, Vice Chair

Lori Alhadeff
Robin Bartleman
Heather P. Brinkworth
Patricia Good
Laurie Rich Levinson
Ann Murray
Nora Rupert

31 Janvyè, 2020

Pou Paran ak Gadyen,

Le Vandredi, 14 Fevriye, 2020, Lekòl Piblik Broward County va obsève you Jounen Sévis epi Amou (Day of Service and Love). Jou sa pap gen ansèyman k'ap fèt nan saldeklas epi lekòl va lage bonnè. Se va yon jounen kote nou chak va kontribye nan kominote a an komemorasyon trajedi ki te pase nan lekòl Marjorie Stoneman Douglas High School. Diplis, a 10:17 a.m., tapan, tout Distri a ak kominote a nètale envite pou obsève yon moman silans pou onnòre 17 elèv ak estaf ki te pèdi lavi-yo epi rekonnèt tout moun ki te blese oswa sibi donmaj.

Yon Jounen Sévis epi Amou se yon opòtinite pou nou fè youn epi ede youn lòt, nan divès aktivite ak pwojè sévis kominotè nan lekòl-nou-yo epi atravé konte a, opòtinite pase jounen an ap fè aktivite ki va gen yon enpak pozitif sou lavi lezòt. Nou reyini diran tan sa pou reflechi epi kontribye yon fason pozitif. Nou vle pou elèv-nou-yo konnen yo gen pouvwa enfliyanse pozitivman lavi lezòt. Jou sa anpatikilye, nou vle elèv-yo fyé de tèt-yo, konnen yo se kontribyan enpòtan nan kominote nou epitou konnen yo antoure ak aksyon pozitif de kamarad-yo, estaf lekòl epi lòt manm kominote a. Devlope trè karakté pozitif lè elèv-yo jenn osi enpòtan ke fòmasyon akademik yo va resevwa. Nou dwe chonje kòm adilt, nou dwe bay bon legzanp si nou vle wè timoun-nou yo swiv modèl sa.

Gid sa enkli yon apèsi de tout evènman ak pwojè sévis kominotè ki plannifye e ki va fèt nan kad jounen Yon Jounen Sévis epi Amou. Mwen ta renmen di patnè kominote nou mési, pou sipò yo bay nan tout aktivite enpòtan sa-yo epi tout sa yo reprezante. Mwen vle esprime apresiyasyon pèsonnèl mwen bay tout fanmi nou yo pou sipò-yo, pandan n ap kontinye geri epi rekipere.

Senséman,

Robert W. Runcie